

Nggegulang Zuhud: Donya Wonten Asto, Sanes Wonten Ing Telenging Kalbu

Khutbah Pertama

إِنَّ الْحَمْدَ لِلَّهِ نَحْمَدُهُ وَنُسْتَعِينُهُ وَنَسْتَغْفِرُهُ، وَنَعُوذُ بِاللَّهِ مِنْ شُرُورِ أَنْفُسِنَا وَمِنْ سَيِّئَاتِ أَعْمَالِنَا، مَنْ يَهْدِهِ اللَّهُ فَلَا مُضِلَّ لَهُ وَمَنْ يَضِلَّ فَلَا هَادِيَ لَهُ. أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ. اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى نَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ وَمَنْ تَبِعَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ.
يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تَقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ.

Hadirin, jama'ah Jum'at ingkang minulyo,

Sumangga kita sami tansah ngaturaken puji syukur dhumateng ngarsanipun Allah Subhanahu wa Ta'ala, ingkang sampun paring kanugrahan iman, Islam, saha kasarasan, saengga kita saged makempal nindakaken shalat Jum'at ing papan ingkang mulya menika. Shalawat saha salam Allah mug i tansah katetepna dhumateng junjungan kita, Nabi Agung Muhammad SAW, kulawarga, sahabat, lan sedaya pendherekipun ingkang setya dumugi akhir zaman.

Khatib mboten kendhat-kendhatipun paring wasiat, mliginipun dhumateng pribadi khatib piyambak lan umumipun dhumateng para jama'ah sedaya, mangga kita sami ningkataken takwa dhumateng Allah kanthi nindakaken sedaya dhawuhipun lan nebihi sedaya awisanipun. Salah satunggaling wohipun takwa ingkang luhur inggih menika sikap *zuhud*.

Jama'ah Jum'at ingkang dipun rahmati Allah,

Asring kita mireng tembung **zuhud**, ingkang kapendhet wonten ing manah kita inggih menika gambaran tiyang ingkang ngedohi donya babar pisan, ngagem busana ingkang lusuh, gesang ing salebeting kasangsaran, saha ngasingaken dhiri saking ramenipun pagesangan. Nanging, pemanggi ingkang kados mekaten sejatosipun tebih saking hakikat zuhud ingkang leres.

Zuhud sanes babagan nilaraken donya, ananging babagan kados pundi manah kita mboten "dipuntilar" dening donya ing salebeting lelampahan nuju dhumateng ridhanipun Allah Ta'ala. Para ulama, kalebet Syaikh KH. Ahmad Rifa'i, sampun paring pitedah ingkang cetha, bilih zuhud menika satunggaling tumindak batos, satunggaling seni nggegulang manah supados donya tetep wonten ing genggeman asto, sanes ngantos ngratoni singgasana kalbu kita.

Dasaripun sedaya laku zuhud inggih menika *ridha* utawi lila legawa dhumateng sedaya katetepanipun Allah. Al-Fudail bin Iyad rahimahullah negesaken:

أَصْلُ الزُّهْدِ الرِّضَا عَنِ اللَّهِ تَعَالَى.

Artosipun: "Prinsip dhasar zuhud inggih menika *ridha* dhumateng katetepanipun Allah Ta'ala."

Kanthi sikap ridha menika, manahipun tiyang ingkang *zahid* (pelaku zuhud) mboten badhe ajur mumur nalika kelangan, lan mboten badhe gumedhe lan sombong nalika pikantuk kanikmatan. Menika selaras kaliyan firmanipun Allah wonten ing Surat al-Hadid ayat 23:

لِكَيْلَا تَأْسَوْا عَلَىٰ مَا فَاتَكُمْ وَلَا تَفْرَحُوا بِمَا آتَاكُمْ ۗ وَاللَّهُ لَا يُحِبُّ كُلَّ مُخْتَالٍ فَخُورٍ.

Artosipun: "(Supados) sira kabeh aja padha sedhih banget marang apa kang luput saka sira, lan aja padha bungah banget marang apa kang diparingake marang sira. Lan Allah iku ora remen marang saben wong kang sombong lan ngunggul-unggulake dhiri." (QS. Al-Hadid: 23).

KH. Ahmad Rifa'i paring pralambang ingkang endah kangge zuhud, inggih menika **"tapa ing dalem dunyo"**. Artosipun, papan pertapanipun tiyang zahid sanes wonten ing guwa utawi wana, ananging ing tengah-tengahing kesibukan donya, kanthi njagi manah supados tetep anteng lan mboten kapincut dening gebyaripun.

Hadirin ingkang minulya,

Lajeng, saking pundi kita kedah miwiti? KH. Ahmad Rifa'i paring tuntunan praktis ingkang sinebat **"Zuhud Wajib"**. Menika pondasi ingkang kedah dipun gadhahi saben Muslim. Panjenenganipun paring definisi:

وَأَمَّا شَرْعًا بُغْضُ الدُّنْيَا عَلَىٰ مَا زَادَ عَلَىٰ الْحَاجَةِ الشَّرْعِيَّةِ

Artosipun: "Dene zuhud miturut syara' yaiku sengit marang donya kang ngluwihi kabutuhan kang diwatesi syara' (donya kang ora ana manfaate miturut hukum syara')." (Rifa'i, *Khusnul Mitholab*, korasan 12).

Intinipun, Zuhud Wajib inggih menika mendhet kadonyan ingkang halal kanthi cekap kagem sangu ibadah, lan nilaraken babar pisan sedaya ingkang dipun haramaken dening Allah. Menika negesaken bilih zuhud sanes anti-dunya, ananging anti-maksiat. Sugih banda saged dados sarana zuhud menawi dipun ginakaken kangge taat, kosok wangsulipun, mlarat saged dados lawang *hubbuddunya* (tresna donya) menawi manahipun tansah ngarep-arep napa ingkang mboten dipun gadhahi ngantos kesupen dhumateng Allah.

Galanggang sejatosipun zuhud sanes ing busana utawi dhaharan, ananging wonten ing manah, angen-angen, lan kekajengan. Sufyan ats-Tsauri rahimahullah paring dawuh:

الرُّهْدُ فِي الدُّنْيَا هُوَ قَصْرُ الْأَمَلِ لَيْسَ بِأَكْلِ الْحَشَنِ وَلَا بِلَبْسِ الْغَلِيظِ.

Artosipun: "Zuhud ing donya iku nyekakake angen-angen, dudu mangan panganan kang kasar utawa nganggo sandhangan kang kasar."

Puncakipun, zuhud inggih menika ngelihaken orientasi manah saking makhluk dhumateng Sang Khaliq. Kados dawhipun Abu Bakar asy-Syibli rahimahullah:

الرُّهْدُ تَحْوِيلُ الْقَلْبِ مِنَ الْأَشْيَاءِ إِلَى رَبِّ الْأَشْيَاءِ.

Artosipun: "Zuhud iku ngalihake condonging ati marang perkara, dumateng Pengeran Kang Maha Ngupakara."

Jama'ah Jum'at ingkang dipun mulyaaken Allah,

Pramila, sumangga kita sami ningali zuhud sanes minangka beban, ananging minangka kamardikan. Kamardikan saking belenggunipun kekajengan ingkang tanpa wates, saking was-was kelangan, lan saking gumedhening panguwasan. Mangga kita wiwiti saking "Zuhud Wajib": genggem kenceng donya ingkang halal kagem sangu ibadah, lan uculaken kanthi teges sedaya ingkang haram. Kanthi mekaten, kita saged nglampahi gesang ing donya, tanpa nate nglilani donya gesang wonten ing salebeting manah kita.

Mugi-mugi Allah paring kekiyatan dhumateng kita sedaya kangge saged nggegulang manah, dados hamba-hamba-Nipun ingkang zahid, ingkang tansah ridha lan pikantuk ridha-Nipun. Amin ya Rabbal 'alamin.

بَارَكَ اللَّهُ لِي وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيمِ، وَتَفَعَّلِي وَإِيَّاكُمْ بِمَا فِيهِ مِنَ الْآيَاتِ وَالذِّكْرِ الْحَكِيمِ. أَقُولُ قَوْلِي هَذَا وَأَسْتَغْفِرُ اللَّهَ الْعَظِيمَ لِي وَلَكُمْ وَلِسَائِرِ الْمُسْلِمِينَ مِنْ كُلِّ ذَنْبٍ، فَاسْتَغْفِرُوهُ إِنَّهُ هُوَ الْغَفُورُ الرَّحِيمُ.

Khutbah Kedua

الْحَمْدُ لِلَّهِ حَمْدًا كَثِيرًا طَيِّبًا مُبَارَكًا فِيهِ كَمَا يُحِبُّ رَبُّنَا وَيَرْضَى. وَأَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ، صَلَّى اللَّهُ عَلَيَّ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ وَسَلَّمَ تَسْلِيمًا كَثِيرًا.

أَمَّا بَعْدُ... عِبَادَ اللَّهِ، أَوْصِيَكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ فَقَدْ فَازَ الْمُتَّقُونَ. قَالَ اللَّهُ تَعَالَى: يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ وَقُولُوا قَوْلًا سَدِيدًا، يُصْلِحْ لَكُمْ أَعْمَالَكُمْ وَيَغْفِرْ لَكُمْ ذُنُوبَكُمْ وَمَنْ يُطِيعِ اللَّهَ وَرَسُولَهُ فَقَدْ فَازَ فَوْزًا عَظِيمًا.

ثُمَّ اعْلَمُوا أَنَّ اللَّهَ أَمَرَكُمْ بِالصَّلَاةِ وَالسَّلَامِ عَلَى نَبِيِّهِ، فَقَالَ فِي مُحْكَمِ التَّنْزِيلِ: إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا.

اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ مُحَمَّدٍ كَمَا صَلَّيْتَ عَلَى إِبْرَاهِيمَ وَعَلَى آلِ إِبْرَاهِيمَ، إِنَّكَ حَمِيدٌ مَجِيدٌ. وَبَارِكْ عَلَى مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ مُحَمَّدٍ كَمَا بَارَكْتَ عَلَى إِبْرَاهِيمَ وَعَلَى آلِ إِبْرَاهِيمَ، إِنَّكَ حَمِيدٌ مَجِيدٌ.

اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ، وَالْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ، الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ، إِنَّكَ سَمِيعٌ قَرِيبٌ مُجِيبُ الدَّعَوَاتِ.

اللَّهُمَّ أَعِزِّ الْإِسْلَامَ وَالْمُسْلِمِينَ، وَأَذِلَّ الشِّرْكَ وَالْمُشْرِكِينَ، وَدَمِّرْ أَعْدَاءَ الدِّينِ، وَاجْعَلْ هَذَا الْبَلَدَ آمِنًا مُطْمَئِنًّا وَسَائِرَ بِلَادِ الْمُسْلِمِينَ.

رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ.

عِبَادَ اللَّهِ، إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَى وَيَنْهَى عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ. فَادْكُرُوا اللَّهَ الْعَظِيمَ يَذْكُرْكُمْ، وَاشْكُرُوهُ عَلَى نِعَمِهِ يَزِدْكُمْ، وَلَذِكْرُ اللَّهِ أَكْبَرُ.

أَقِيمُوا الصَّلَاةَ.